**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

Министерство образования и науки Республики Дагестан

МО «Хасавюртовский район»

МКОУ "Хамавюртовская СОШ им.Аджиева А.М."

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДАЮ |
|---|---|---|
| МО учителей родного языка(чеченского) | Зам. директора по УВР | Директор школы |
| Руководитель МО | ______Мантурова З.Д. | ______Аджиева Н.И |
| ______Кукуева А.М. | «9» 09 2022-2023 г | «9» 09 2022-2023 г |
| «7» 09 2022-2023 г. | | |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

«Родная литература (чечен.)»

для 5 класса основного общего образования

на 2022-2023 учебный год

Составитель: учитель родного языка и литературы Айтукаева А.Ю.

2022

**Кхеторан кехат**

Нохчийн меттан юкъарадешаран юккъерчу школана лерина программа хIоттийна Нохчийн Республикин юкъарадешаран школашна лериначу планан, юкъара дешаран коьрта юкъарадешаран пачхьалкхан программин бух т1ехь,
Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан,коьрта юкъара дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартана бина хийцамаш, Россин Федерацин дешаран а, 1илманан а Министерствос омрица ч1аг1бина болу 31 маяхь 2021ш. № 287, коьртачу дешаран программин бух т1е а тевжаш, С.Э.Эдиловн нохчийн литературин герггарчу хьесапехь йолчу программехь пайда а оьцуш.

**Программа лерина ю х1окху сахьтийн барамна:**
5класс, 34 дешаран к1ира,
Сахьтийн барам к1ирнах- 1 сахьт
Дешаран шеран дерриге сахьташ- 34 сахьт

**Программан тайпа**: нохчийн меттан базови программа
Белхан программин кхачойина дешаран –методически комплексаца:
1аматаш:
*Эдилов С.Э.Нохчийн литература : 1амат: 5 класс:-Соьлжа-Г1ала:
АО «ИПК «Грозненский рабочий» , 2018 шо

**«Литература» предмет Іаморан жамІаш:**

Коьртачу юкъарадешаран школа чекхйоккхучуьнгахь «Литература» предмет Іамош кхио деза **личностни жамІаш** ду:
-шен къоман векал а, дукхакъаьмнийн Российски пачхьалкхан гражданин а ша хиларх кхеташ хилар;
-личностан синъоьздангаллин мехаллаш кхачаме ялор, дукхакъаьмнийн махке безам кхиор, нохчийн литературе (культуре), кхечу къаьмнийн культуре болу ларам кхиор;
-хIума довзаран а, коммуникативни а декхарш кхочушдарехь хаамийн тайп-тайпанчу хьастех пайда эцар (словараш, энциклопедеш, интернет-гIирсаш).

**Коьртачу юкъарадешаран школехь предмет «Литература» Іаморан метапредметни жамІаш билгалдовлу:**
-проблемех кхета а, гипотеза хьалха яккха а, коьчал структуре ерзо а, шена хетарг тIечIагIдеш делил дало а, барта а, йозанан а аларшкахь бахьанин - тIаьхьалонан уьйраш билгалъяха а, жамIаш кепе дерзо а хаарехь;
-ша гIуллакхдар вовшахтоха а, цуьнан мах хадо а, шена самукъане хета болу гуо къасто а хаар карадерзорехь;
-ша гIуллакхдеш юстаран, дуьхь-дуьхьал хIитторан кепех пайдаэцарехь;
-тайп-тайпанчу хаамийн хьасташца болх бан, уьш лаха, талла, ша гIуллакхдарехь царах пайдаэца хаарехь;

**Коьртачу юкъарадешаран школа чекхйоккхучеран предметни жамIаш лаьтта:**

**1).хIума довзаран декъехь**:

-барта кхоллараллин а, тайп-тайпанчу муьрийн нохчийн литературин произведенийн коьртачу проблемех кхетам хилар; и проблемаш нийса цхьана кепе ерзо хьуьнар хилар;
-произведени а, иза язъяран муьран уьйрах кхетар, цу произведенийн бухехь йолу хенан йохаллехь йовр йоцу синъоьздангаллин мехаллаш а, церан тахана а маьIне хилар билгалдаккхар;
-литературни произведенина таллам бан хаар: хIокху я оцу литературни родан а, жанран а произведени иза хилар билгалдан хаар; темех, идейх кхета а, кепе ерзо а, цуьнан синъоьздангаллин мехаллаш, турпалхойн амалш билгалъяхар, цхьана я масех произведенийн турпалхой буста, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а литературин произведенеш вовшашца юста;
- произведенехь сюжетан дакъош, дIахIоттам, меттан суртхIотторан гIирсаш къастор, чулацаман идейно-исбаьхьаллин агIонаш билгалъяхарехь цара дIалоцучу меттигах кхетар (филологически талламан кепаш);
-литературни произведени толлуш юьхьанцара (элементарни) литературоведчески терминологиевзаш хила езар;

**2) механлин-некъбовзаран (ориентацин) декъехь:**
-нохчийн литературин синъоьздангаллин мехаллашка кхачор, шен къоман синъоьздангаллин мехаллашца уьш юстар;
- нохчийн литературин произведенех лаьцна шена хетарг цхьана кепе дерзо хаар, церан мах хадор;
-Iамийначу произведенех лаьцна шен кхетам хилар;
-авторна хетачух кхетар, цунах лаьцна шена хетарг ала хаар;

**3) коммуникативни декъехь:**
-тайп-тайпанчу жанрийн литературни произведенеш нохчийн маттахь лерсица а, цхьанатайпанара а тIеэцар, кхеташ ешар;
-текст тIера цитаташ а ялош,  меттан исбаьхьаллин гIирсех пайдаэцарца прозаически произведенеш я церан дакъош юхасхьадийца хаар; ладоьгIначу я ешначу текстан хьокъехъ хаттаршна жоьпаш далар; барта монологически къамелан тайп-тайпана аларш кхоллар; шеца къамел деш волчуьнца оьздангаллин барамаш ларбеш, гIиллакхехь диалог дIаяхьар;
-Iамийначу произведенийн тематикица а, проблематикица а йоьзна изложенеш, сочиненеш язъяр, цIахь а, классехь а йозанан белхаш кхочушбар, юкъара культурин а, литературни а теманашна рефераташ язъяр;

**4) эстетически декъехь:**
-дешан исбаьхьаллех (искусствох) санна литературах кхетар, эстетически кепара нохчийн литературин произведенеш тIеэцар; нохчийн исбаьхьаллин тексташ тIехь исбаьхьаллин (эстетически) чам кхиор;
- эстетически гIуллакхдарехь нохчийн дашах, литературни произведенийн васташ кхуллуш меттан суртхIотторан исбаьхьаллин гIирсаша дIалоцучу меттигах кхетар;
-меттан дIахIоттаман а, нохчийн, оьрсийн литературин вастийн системийн башхаллашца а доьзна нохчийн а, оьрсийн литературин произведенеш вовшашца юста хаар.

# Программин коьрта чулацам

## Коьрта юкъара дешаран школа

**5 класс.**

**1-ра дакъа. Литература дешан исбаьхьалла (искусство) санна ( 2 с)**

Кхечу исбаьхьллашна юккъехь литературо д1алоцу меттиг. Дешан исбаьхьаллехьдахар

исбаьхьаллин кепехь гайтаран башхалла.

Исбаьхьаллин литература дуьне довзаран, адаман синъоьздангаллин тайп-тайпаналлин дахар а, хьал а довзаран цхьа кеп санна; дахар исбаьхьаллин кепара гайтар. Эстетически чам а, синъоьздангалла а кхиорехь литературо бен т1е1аткъам.

**2-г1а дакъа. Халкъан барта кхоллараллера ( 31 с)**

1. **Фольклоран кегийра жанраш (х1етал-металш, кицанаш). ( 3 с)**

Х1етал-металшкахь, кицанашкахь халкъан хьекъал а, беламе дерг а билгалдаккхар.

**2. Нохчийн халкъан туьйранаш (инзаре-тамашийна, дахаран, дийнатех) – шишша туьйра.**

**Сюжет. Туьйранан ламасталлин х1умнаш-долор, дерзор, юх-юха аларш. Нохчийн а, оьрсийн а туьйранийн юкъара дерг а, къоман башхалла а. (7 с)**

Туьйра. Туьйранийн тайпанаш. Фольклорни а, литературни а туьйра. Туьйранашкахь бакъдерг а, инзаре-тамашена дерг а цхьаьнадалор.

Инзаре-тамашийна туьйра. Туьйранан синъоьздангаллин маь1на- дикачун а, вочун а къовсам, дикачо зуламна т1ехь толам баккхар.

Дийнатех лаьцна туьйранаш. Дийнатийн васташ оьрсийн а, нохчийн а туьйранашкахь. Дийнатийн амалш даим цхьанакепара гайтар. Оьрсийн туьйранийн турпалхойн амалшца уьш юстар.

1ер-дахаран туьйра. Беламе суьрташ а, амалш а, адамийн сакхте амалш емалъяр оцу тайпанчу туьйранашкахь.

**3. Шира дийцарш, хабарш, аларш. ( 2с)** Билгалйолчу меттигех (юьртах, ломах, рег1ах, хих, б1аьвнех) лаьцна дийцарш. Оцу дийцаршкахь исторически хиламаш я билгалчу наха лелийна г1уллакхаш.

**4. Наьрт-аьрстхойх, 1аьржа-Хожаг1арах дийцарш. Гипербола фольклорехь. (6 с)** Церанчулацама, башхаллаша. Халкъо шен парг1атонехьа, маьрша дахарехьа наьрташца а, 1аьржа-Хожаг1арца а латтийна къийсам. Халкъо баьккхина толам.

5. **Лирически а, турпалаллин а иллеш. Турпалхочун васт. (13с)**

Дахаро а, 1аламан хьелаша, хиламаша 1аткъам барца меттахъяьхна турпалхочун ойланаш лирически иллешкахь гучуйийлар. Даймохк безар, иза 1алашбар, вовшашца барт хилар, кхечу къаьмнашца доттаг1аллин уьйраш лелор, халкъан, мехкан г1уллакхна т1ера хилар иллешкахь ч1аг1дар. Къонахалла, оьздангалла, къинхетамалла, адамийн сий лардар иллешкахь кхайкхор.

Къоман дахарехь маь1на долу г1уллакхаш иллийн чулацамехь хилар. Дикачу к1ентийн хьуьнаре г1уллакхаш хастош дийцар. Мостаг1чунна дуьхьал къийсам латтийна халкъана хьалхабевлла къонахий бовзийтар. Иллийн исторически бух а, исбаьхьаллин башхаллаш .

**Нохчийн литературин тематически план**

**5-г1а класс**

| *№* | *Дешаран темин дакъа* | *Сахьтийн барам* | *Талламан кеп.* | |
|---|---|---|---|---|
| | | | *Сочинени* | |
| 1 | Халкъан барта кхоллараллера | 1 | | |
| 2 | Нохчийн халкъан туьйранаш. | 7 | | |
| 3. | Фольклоран кегийра жанраш (х1етал-металш, кицанаш). | 3 | 1 | |
| 4. | Шира дийцарш, хабарш, аларш. | 2 | | |
| 5. | Лирически а, турпалаллин а иллеш. Турпалхочун васт. | 13 | 1 | |
| 6. | Наьрт-аьрстхойх,1аьржа-Хожаг1арах дийцарш. | 6 | | |
| | | | | |
| | | 34 | 2 | |

**5 –чу классехь нохчийн литература 2022-2023 хьехаран шеран рузманан хьесапаш «Нохчийн литература»**

***Эдилов С.Э.Нохчийн литература : 1амат: 5 класс , 2018шо***

| **Раг1** | **Урокан тема** | **сахьт** | *Хан* | | *Ц1ахь 1амо* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Планаца | Билггала | |
| | **I-чийрик (9 с.) I четверть** | **9 с** | | | |
| 1. | Нохчийн халкъан кхолларалла. Устное народное творчество. | 1 | 3.09 | | 3-13аг1о чул.схьабийца |
| 2. | Туьйра «Тамашийна олхазар». Сказка «Удивительная птица» | 1 | 10.09 | | 14-17.аг1о чул.схьаб. |
| 3. | «Кхо ваша». Три брата. | 1 | 24.09 | | 18-27 а.чул.схьаб. |
| 4. | «Кхо ваша» кхоалг1ачу вешин толамаш. Изучение темы «Три брата». | 1 | 1.10 | | |
| 5. | Барзо 1ахарца мохк къовсар. Спор волка с ягненком. | 1 | 8.10 | | 28-30 а.чул.схьаб. |
| 6. | Кхо ваша а, саьрмик а. Три брата и дракон. | 1 | 15.10 | | 31-33 а.чул.схьаб. |
| 7. | Доьшуш хилла к1ант. Ученик медресе. | 1 | 22.10 | | 34-42а.чул.схьаб. |
| 8. | Кл.ар.дешар. ??????????? Вн.чт. | 1 | 29.10 | | |
| 9. | Дешархоша шайна дуьйцуш хезна халкъан туьйранаш дуьйцуш д1ахьон урок. Обобщение. | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **II-чийрик (7с.) II- ч.** | **7 с** | | | |
| 9. | Кицанаш. Х1етал-металш. Пословицы. Загадки. | 1 | 12.11. | | 46-55а.масех кица д1аязде. |
| 10. | Б. С.Саидов «Майра к1ант Сулима». « Мужественный Сулима». | 1 | 19.11 | | 58-84а.чул.схьаб. |
| 11. | «Майра к1ант Сулима». « Мужественный Сулима». | 1 | 26.11 | | Сулимин хьуьнарш |
| 12. | Сочинени суьрта т1ехь. Сочинение по картине. | 1 | 3.12 | | |
| 13. | М.М.Мусаев «Ц1ен маьхьси». «Красный сапог». | **1** | 10.12 | | 85-94а.чул.схьаб. |
| 14. | С.А.Гацаев «Чкъоьрдиг». «Трусливый мальчик». | 1 | 17.12 | | 95-113а.чул.схьаб. |
| 15. | Кл.ар.дешар. «Хьекъал долу йо1а, хьелахо а». Вн.чт. «Умная девочка и судья» | 1 | 24.12 | | |
| | **III- чийрик (10 с.) III ч.** | **10 с** | | | |
| 16. | А.Т. Исмаиловн дахар, кхолларалла. «Бирдолаг» Творчество А.Т.Исмаилова. «Летучая мышь». | 1 | 14.01 | | 113-127а.чул.схьаб. |
| 17. | Диалогах, монологах лаьцна. Диалог. Монолог. | 1 | 21.01 | | |
| 18. | С.С.Бадуев «Зайнди». | | 28.01 | | 132-145 а.Бадуев С.кхолларалла. |
| 19. | Кл.ар.дешар. С.С.Бадуев «Кемсаш». Вн.чт. «Виноград». | 1 | 4.02 | | |
| 20. | М.М. Мамакаевн дахар а,кхолларалла а. «Баппа» Творчество М.М.Мамакаева. «Одуванчик». | 1 | 11.02 | | 147-155а.чул.схьаб. |
| 21. | Сочинени «Вуьзна стаг сонта волу». Сочинение «Сытый –не ценит то, что он имеет». | 1 | 18.02 | | |
| 22. | 1. Мамакаевн кхолларалла. «Садаьржаш» Творчество А.Мамакаева. «На рассвете». | 1 | 25.02 | | 155-160а.Дагахь 1амо. |
| 23. | М. Сулаев «Ламанан хи». «Родник». | 1 | 4.03 | | 162-164а.Дагахь 1амо. |
| 24. | 1.Э.Гайсултанов. «Кегий йийсарш». «Маленькие пленники». | 1 | 11.03 | | 165-178а. |
| 25. | Кл.арахьара дешар. 1.Э. Гайсултанов «К1анталг» Вн.чт. «Мальчишка». | 1 | 18.03 | | |
| | **IV-чийрик (8 с) IV ч.** | **8 с** | | | |
| 26. | Сулейманов А. «Борз ю уг1уш» «Волк воет» | | 1.04 | | 180-183а.къастош еша. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 27. | Х.Б. Саракаев «Баьпкан чкъуьйриг» «Корка хлеба» | | 8.04 | | 187-191а.къаст.еша. |
| 28. | Р. Ахматова «Лийрбоцурш». «Бессмертные» | | 15.04 | | 193-196а. |
| 29. | 1.А.Ахмадов «Къонахалла». «Храбрость» | | 22.04 | | 196-206а. |
| 30. | Ш. А. Арсанукаев «Баьпкан юьхк». «Кусок хлеба» | 1 | 29.04 | | 210-214а.Дагахь 1амо. |
| 31. | Д.Д. Кагерманов «Доттаг1алла». «Дружба». | 1 | 6.05 | | 215-220а.чул.схьаб. |
| 32. | Ж.М.Махмаев «Буьйсанна г1улчаш». «Шаги ночью» | | 13.05 | | 234-248а. |
| 33. | Хь. Хатуев «Аьрзунан илли» «Песня Сокола» | 1 | 20.05 | | 261-265а. |
| 34. | Кл.ар. дешар Х-М. Эдилов «Ненан марзо». «Материнская любовь». Шеран жам1аш дар. Итоговый урок. | 1 | 27.05 | | |
| | | | | | |